



Pou Piblikasyon Imedya: 14/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 31 MILYON DOLA POU SOUTNI REYAMENAJMAN
TRANSFÒMASYONÈL BOULEVARD MALL NAN AMHERST**

Finansman ap soutni travay enfastrikti ki bezwen fèt pou transfòme Boulevard Mall vin tounen yon nouvo sant vil ki aksesib a pye, a izaj miks, ki akse sou transpò an komen avèk espas rezidansyèl, magazen, ak espas pou rasanbleman piblik

Gade imaj reprezantasyon grafik Mall la lè yo fin renove li [la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Vil Amherst prim 31 milyon dola pou fè travay enfastrikti nan kad pwojè reyamenajman transfòmasyonèl Boulevard Mall la ki pral reyanime sant komèsyal Boulevard Mall nan Amherst ki prèske vid nan moman pou l vin gen yon nouvo vi. Travay enfastrikti sa a Eta New York soutni an pral prepare tèren an pou reyamenaje sant komèsyal la vin tounen yon sant vil ki aksesib a pye, a izaj miks, ki akse sou transpò an komen avèk divès kalite opsyon rezidansyèl ak magazen, epi li pral gen ladan tou espas pou rasanbleman piblik.

"Jodi a make yon nouvo jou pou Boulevard Mall pandan n ap franchi pwochen etap la pou transfòme li vin tounen yon sant vil ki dinamik, ki akse sou transpò an komen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Grasa envestisman nou an, pwojè pasyonan sa a ap vanse pandan l ap debloke potansyèl, kreye djòb, ak ankouraje opòtinite nan Rejyon Lwès New York. Reyamenajman Boulevard Mall la se jis youn nan anpil pwojè transfòmasyonèl k ap ede estimile ekonomi lokal la epi rezoud pwoblèm kriz lojman nou an, epi gwo bravo pou Kulpa, Sipèvizè Vil Amherst la, pou vizyon sa l genyen pou transfòme yon pwopriyete komèsyal ki pa itilize ase pou amelyore kalite lavi moun Rejyon Lwès New York."

Plan pou apre Boulevard Mall la fin renove, se rebay zòn lan yon anbyans kominotè a, ki gen ladan yon espas piblik aktif k ap itilize konsepsyon bon kalite ak dirab sou plan anviwònmanal ki ofri enstalasyon kle pou moun a pye. Reyamenajman ki pwopoze a ta kreye omwen 1,500 inite rezidansyèl grasa yon melanj lojman ki nan pri abòdab, nan to mache a, pou etidyan ak pou granmoun aje, epi kreye nouvo djòb ak opòtinite lè yo ajoute restoran, magazen, ak espas anplennè.

Empire State Development (ESD) te apwouve yon akò finansman 31 milyon dola resaman pou finance travay enfrastrikti pou prepare lokal la pou l ka prè pou soutni chantye devlopman alavni. Pòte travay enfrastrikti ki finance a gen ladan konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan enfrastrikti egou sanitè nan Boulevard Central District. Lè yo fini, amelyorasyon k ap fèt nan egou sanitè yo pral ogmante kapasite anndan rezo egou ki la deja nan seksyon sa a nan Vil la grasa konstriksyon yon estasyon ponp ak nouvo konduit egou.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Inisyativ sa mennen nou yon lòt pa pi pre reyalyasyon vizyon kolektiv nou genyen pou reyevante Boulevard Mall vin tounen yon kominote atreyan anndan Vil Amherst. Eksperyans mwen nan travay avèk otorite vil la yo te montre m yo prè ak dispoze pou reyalye lide kreyativ yo bezwen pou fè pwopriyete sa a vin tounen yon nouvo sant pasyonan pou aktivite rezidansyèl, komèsyal, ak lwazi."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Pwojè sa ap chanje règ jwèt la pou Vil Amherst, epi mwen fyè paske Eta New York ap invest nan enfrastrikti pou fè sa posib. Pwojè reyamenajman Boulevard Mall la pral ede rezoud pwoblèm mank lojman ki gen nan rejyon nou an pandan l ap reanime yon espas pou rasanbleman kominotè ki pral prepare tèren an pou avni Amherst."

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Mwen kontan anpil pou m konstate konfyans ak angajman Gouvènè Hochul ak Eta New York montre Vil Amherst. Investisman 31 milyon dola nan enfrastrikti lokal Boulevard Mall la se kle pou devlopman pasèl la alavni soti yon espas komèsyal ki pa itilize ase pou l vin tounen yon sant vil akeyan ki aksesib a pye. Epiou, investisman sa a pral gen yon enpak ekonomik konsiderab nan rejyon an, paske l ap kreye djòb nan sektè konstriksyon an, pandan l ap soutni devlopman lojman abòdab, restoran, magazen, ak opòtinite lwazi alavni. Mwen remèsye Gouvènè a paske l rekonèt enpòtans pwojè sa a genyen pou kalite lavi nan Vil Amherst."

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Reyamenajman Boulevard Mall la se yon pwojè pasyonan ki pral kreye lojman, djòb, ak yon santiman apatenans kominotè renouvle nan Amherst. Anplis, pwojè a ap reyitilize ak transfòme enfrastrikti ki te la deja pou vin tounen konsèp tou nouvo, ki gen ladan espas piblik, magazen, ak lojman nan yon melanj ki favorize kominote ak ankouraje moun mache a pye. Investisman Gouvènè Hochul la pral estimile transfòmasyon sa a epi mwen remèsye l paske l se yon patnè nan konstriksyon yon Konte Erie ki pi djanm."

Sipèvizè Vil Amherst la, Brian Kulpa te deklare, "Investisman sa a Eta New York ap fè la, grasa Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Asanble Lejislatif la, pral chanje trajektwa Vil Amherst la. Si pa gen bonjan enfrastrikti adekwa an plas, aktif Vil la genyen deja yo ap soufri epi bonjan devlopman ap bloke. Pwojè Enfrastrikti Lwès Amherst Vil la t ap twò gran pou nou ta fè l poukont nou men grasa Gouvènè Hochul, yo ka enstale sistèm tretman dlo ize esansyèl sa kounye a, sa k ap pèmèt nou rezoud pwoblèm drenaj ki gen nan katye yo nan Williamsville, Snyder ak Eggertsville epi

konstwi lokal Boulevard Mall la pou rive atenn tout potansyèl li nèt. N ap konfwonte yon kriz lojman nan rejyon nou an, men avèk mezi pwoaktiv tankou mezi sa, nou kapab rezoud pwoblèm lan grasa modènizasyon enpòtan sa k ap fèt nan enfrastrikti a ki pral pèmèt Vil la entwodui inite lojman abòdab nan anprent sant komèsyal la pandan l ap amelyore sèvis yo pou tout rezidan, etidyan, ak biznis ki anndan kad pwojè a."

A.J. Baynes, Direktè Jeneral ak Prezidan Chanm Komès Amherst la, te deklare, "Envestisman Gouvènè Hochul ak patnè lejislatif li yo te fè resaman make yon tounan desizif nan devlopman Vil Amherst. Lè yo modènize enfrastrikti lokal yo, inisyativ sa a pa sèlman pwomèt pou fasilite revitalizasyon lokal Boulevard Mall la ak zòn ki ozalantou li yo, men tou l ap takle pwoblèm drenaj ki genyen depi byen lontan ki te aflije lòt zòn yo nan vil la. Mezi pwoaktiv sa reprezante yon etap desiziv anvè pwogrè epi l tabli yon fondasyon djanm pou kwasans ak devlopman Vil Amherst alavni. Gwo bravo pou Gouvènè a ak Asanble Lejislatif la pou finansman sa a epi mwen felisite Sipèvizè Brian Kulpa pou efò pledwaye enfatigab li fè an favè modènizasyon endispansab sa nan enfrastrikti a."

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)